



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-740

Sijè: ELÈV ANSENT AK SA KI GEN PITIT AK KONFIDANSYALITE NAN SANTE REPWODIKSYON

Kategori: ELÈV

Pibliye : 30 janvye 2020

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-740 ki gen dat 13 novanm 2008.

#### Chanjman:

- Dwa elèv yo pou yo pa sibi diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans (bullying) epi yo klarifye pwosede pou repòte yon tèl konpòtman. (Seksyon II.D)
- Yo klarifye responsablite direktè a pou bay enfòmasyon konsènan regleman sa a. (Section III.A.1 and Section III.A.3)
- Yo klarifye dispozisyon pou bay devwa, travay nan klas, ak sipò siplémentè pou elèv ansent ak elèv ki gen pitit k ap pran swen. (Seksyon III.A.2)
- Yo klarifye regleman DOE konsènan aksè ak espas pou elèv, paran, ak responsab bay tete. (Seksyon III.A.5)
- Yo klarifye dispozisyon pou elèv ansent oswa ki gen timoun ka elijib pou lekòl adomisil. (Seksyon III.C.1)
- Yo klarifye kapasite pou lekòl yo bay enfòmasyon sou pwogram Living for the Young Family through Education ak deskripsiyon pwogram sa a. (Section III.C.2 and Section IV.D)
- Yo klarifye kapasite lekòl la pou bay sipò pou elèv ansent ak elèv ki gen timoun k ap chèche sèvis medikal ak èd. (Section V.F)
- Yo mete kesyon/enfòmasyon ajou sou moun pou kontakte. (Section VI).

## **ABSTRAK**

Règleman sa a modifie ak ranplase CR A-740 ki gen dat 13 novanm 2018.

Yo mande elèv ansent ki gen laj obligatwa pou ale lekòl pou yo prezante nan klas sofsi rezon medikal anpeche yo. Objektif regleman sa a se pou klarifye wòl ak responsabilite estaf lekòl nan enplemente regleman sa a. Li gen ladan pwosedi pou estaf lekòl la responsab pandan ak apre yon elèv tonbe ansent.

### **I. REZIME**

DOE pran angajman pou asire elèv ansent ak sa ki gen timoun pou ba yo sèvis ak pwogram ki pral pèmèt yo rete lekòl ak patisipe plènman nan tout aktivite dapre lalwa ak regleman DOE.

### **II. DWA ELÈV ANSENT AK SA KI GEN TIMOUN**

- A. Yo mande tout elèv ansent ak sa ki gen timoun nan laj obligatwa pou ale lekòl. Elèv sa yo gen dwa pou rete nan lekòl yo ak patisipe nan pwogram ak sèvis pou kontinye edikasyon yo ak ale lekòl pandan yo ansent ak/oswa paran elèv.
- B. Tout elèv ansent ak sa ki gen timoun gen dwa patisipe nan pwogram ak aktivite akademik tankou nenpòt klas oswa aktivite anplis andeyò kourikoulòm debaz la kote yo elijib san yo pa bezwen yon sètifica medikal espesifik pou otorize yo senpleman paske yo ansent oswa gen pitit.
- C. Si yo jije nesesè pou pran yon konje pou rezon medikal, nan fen konje a, elèv la gen obligasyon pou retounen nan dosye lekòl la ak dwa pou yo reentegre imedyatman. Lekòl la dwe aranje I pou bay sipò ak oryantasyon akademik apwopriye pou pèmèt elèv la reprann pwogram lekòl nòmal li.
- D. Elèv yo gen dwa pou pa soufri diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans paske yo ansent, dapre Règleman A-830 Chanselye a ak A-832 ak lwa federal, leta, ak lokal. Elèv ki panse yo viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans paske yo ansent oswa gen timoun ka fè yon rapò bay direktè a oswa reprezantan oswa nenpòt lòt manm estaf lekòl la. Yo pral trete Rapò sa a dapre Règleman A-830 Chanselye a A-830 ak/oswa A-832. Elèv ki panse yon anplwaye DOE fè diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans paske yo ansent oswa gen timoun ka pote plent nan biwo Office of Equal Opportunity & Diversity Management (OEO), atravè fòm plent ki disponib sou entènèt nan <https://www.nycenet.edu/oeo>, nan telefòn nan (718) 935-3320, pa faks nan (718) 935-2531, oswa pa lapòs nan adrès 65 Court Street, Brooklyn, NY 11201.

### III. **RESPONSABLITE DIREKTÈ AK ESTAF LEKÒL LA**

#### A. Responsablite Direktè a

1. Pou asire ke dwa elèv ansent ak sa ki gen timoun garanti pou regleman sa a, direktè a oswa reprezantan li nan chak lekòl presegondè ak segondè dwe revize regleman sa a avèk estaf la nan kòmansman chak ane lekòl la.
2. Lekòl yo ta dwe bay elèv ansent ak sa ki gen timoun devwa, travay nan klas, ak sipò anplis pou asire yo satisfè egzijans klas si yo absan pou rezon ki gen rapò avèk gwochè oswa elèv ki gen timoun.
3. Lè yo fin enfòme ke yon elèv ansent oswa gen yon ptit, dapre egzijans konfidansyalite nan Seksyon V, direktè an responsab pou bay elèv la aksè pou jwenn enfòmasyon konsènan regleman sa a, swen sante ki gen rapò ak gwochè, sante timoun ak/oswa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la. Direktè a ka delege responsablite pou bay enfòmasyon sa a bay konseye pedagojik la, pwofesè edikasyon onivo sante, oswa tout lòt estaf ki fòme sou lasante. Anplis, direktè a oswa reprezantan pwofesè yo dwe enfòme elèv sa yo sou dwa ak responsablite yo epi yo dwe sipòte elèv nan jwenn sèvis sipò ak oryantasyon akademik pou pèmèt yo kontinye edikasyon ak patisipe plènman nan lekòl pandan gwochè ak elèv ki gen timoun. Manm estaf delege a dwe travay sou sipèvizon direktè a epi li pral asire kowòdinasyon pou bay elèv la sèvis.
4. Si yon elèv ansent gen rezon medikal pou limite patisipasyon I nan pwogram nòmal lekòl, se responsablite elèv ansent oswa paran li pou bay lekòl la dokiman apwopriye ke doktè elèv la bay. Direktè oswa reprezantan I dwe aplike pwosedi pou devlope yon plan edikasyon konsistan ak enstriksyon founisè medikal la. Yo dwe avize pwofesè matyè debaz si yo mande konsiderasyon espesyal pou sante elèv yo. Lekòl yo dwe fè amenajman rezonab lè yo gen enfòmasyon sa yo menmjan ak nenpòt elèv ki gen pwoblèm sante.
5. Sou demand, direktè oswa reprezantan I dwe fè anpil efò pou bay espas pou bay tete (lèt manman) dapre bezwen elèv la, paran, responsab, oswa lòt moun ki nan relasyon avèk elèv la ki vle bay tete nan lekòl la, sou kondisyon espas yo bay la pa deranje sèvis enstriksyon an. Yon espas pou bay tete se yon kote pwòp, ki pa yon sal twalèt kote moun pa p ka ni gade ni vini epi ki gen yon priz elektrik, yon tab kote yo ka mete ponp ak lòt bagay pèsònèl, ak yon chèz. Ta dwe gen aksè ak dlo pwòp (tiyo) tou pre a, yon frijidè ak lòt opsyon rezonab pou mete lèt manman an. Yo ta dwe eskize elèv ki vle bay tete nan klas pou rezon sa a epi ba yo devwa, travay nan klas ak lòt sipò dapre seksyon III.A.2 nan regleman sa a.

B. Pwosedi Prezans

Si yon rezon medikal jistifye yon absans, yo dwe fè suivi a ak pwosedi prezans regilye. Tanpri al gade Règleman Chanselye A-210 pou enfòmasyon konsènan nòm ak pwosedi prezans ak dokimantasyon sou absans medikal.

C. Enstriksyon Lakay

1. Lekòl ki gen dosye yon elèv ansent ak sa ki gen ptit responsab pou byennèt edikatif elèv la. Kék elèv ka elijib pou lekòl adomisil, paegzanp pou rezon eta sante elèv la oswa ptit elèv la. Yon elèv ka mande enstriksyon adomisil dapre Règleman A-170 Chanselye a.
2. Lè lekòl ki anregistre elèv la konnen elèv la pral retounen, estaf la facilite elèv la retounen byen vit. Lekòl la dwe aksepte elèv la imedyatman. Lekòl la pa ka refize yon elèv nan okenn ka si eta sante li pèmèt li retounen. Pou asire yon tranzisyon fasil, lekòl la ta dwe pwogramme yon reyinyon avèk elèv la, paran elèv la ak estaf lekòl apwopriye a pou diskite oryantasyon, enstriksyon, ak sèvis sipò siplemantè disponib nan lekòl la epi pou devlope yon plan pou retou elèv la. Lè yon elèv ki gen ptit retounen, lekòl la pral bay elèv la tou enfòmasyon konsènan pwogram Living for the Young Family through Education (LYFE) jan Seksyon IV endike pi ba a.

**IV. OPSYON KI DISPONIB POU ELÈV ANSENT AK SA KI GEN PITIT**

- A. Elèv ki ansent ak sa ki gen ptit gen dwa pou rete nan lekòl yo ye kounye a. Si yon elèv swete transfere nan yon lòt lekòl, se responsabilite direktè oswa reprezantan I pou ede elèv la ak/oswa paran/responsab elèv la pou gade opsyon edikasyon pou timoun nan gen siksè nan ranpli kondisyon pou gradyasyon.
- B. Yon elèv ansent ki pa vle rete nan lekòl li ye kounye a ka transfere nan lekòl sektè/zòn jewografik li abite a, si gen plas disponib. Direktè a, estaf apwopriye a, elèv ansent ak/oswa paran/responsab elèv la pral travay avèk biwo pou enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE) pou idantifye yon plas apwopriye pou elèv la.
- C. Yon elèv ansent oswa ki gen ptit ki nan yon lekòl ki mande gwo deplasman ka mande transfè pou difikilte, avèk dokiman apwopriye, nan yon lekòl pi pre lakay elèv la. Direktè a, manm estaf apwopriye a, ak elèv la ak/oswa paran/ responsab elèv ansent pral travay avèk biwo OSE a pou idantifye yon plas apwopriye pou elèv la.
- D. Pwogram LYFE ofri yon edikasyon pou debitans gratis, bon jan kalite pou ptit elèv ki gen timoun yo apati laj 6 mwa pou rive 3 zan. Yon kantite lokal lekòl DOE gen gadri pou timoun atravè pwogram LYFE. Si yon elèv ansent oswa sa ki gen timoun bezwen

gadri, lekòl la ta dwe sipòte elèv la nan kontakte pwogram LYFE dirèkteman. Yo mete enfòmasyon pou kontakte pwogram LYFE la nan fen regleman sa a.

- E. Elèv yo ka chèche enfòmasyon ak oryantasyon nan Sant Rekòmandasyon pou Lòt Altènatif pou Lekòl Segondè (Referral Center for High School Alternatives). Yo mete anplwaye tankou konseye pedagojik ak espesyalis ki ka ede elèv yo nan Sant Rekòmandasyon pou Lòt Altènatif pou Lekòl Segondè fè yon plan pou pwogrè sou wout pou gradyasyon. Yo site enfòmasyon sou jan pou kontakte nan chak Referral Center nan chak borough nan fen dokiman sa a.

**V. KONFIDANSYALITE NAN AFÈ SANTE REPWODIKSYON**

- A. Ofisyèl ak administratè lekòl dwe toujou konsyan konsènan fason sansib moun pran enfòmasyon sou elèv ansent, aktivite seksyèl, Sida HIV/AIDS, ak maladi ki transmèt nan fè sèks. Estaf lekòl la dwe montre yo se pwofesyonèl epi montre anpil respè pou lavi prive elèv yo lè y ap diskite kesyon sa yo.
- B. Ofisyèl lekòl pa sipoze mande oswa egzije elèv pou fè tès gwo sèks, maladi ki transmèt nan fè sèks, oswa sida HIV/AIDS.
- C. Ofisèl lekòl pa gen dwa mande oswa egzije elèv oswa founisè swen sante yon elèv pou bay biblikman rezulta tès gwo sèks, maladi ki transmèt nan fè sèks oswa sida HIV/AIDS, ni pa gen dwa mande yon elèv oswa founisè swen sante pou mete biblik estati elèv la oswa kondisyon gwo sèks, sida HIV/AIDS, maladi ki transmèt nan fè sèks, oswa aktivite seksyèl.
- D. Ofisyèl lekòl pa dwe retire yon elèv nan lekòl oswa yon pwogram lekòl paske li pa fè yon tès oswa pa bay rezulta yon tès gwo sèks, maladi ki transmèt nan fè sèks, oswa sida HIV/AIDS, oswa poutèt li ansent, sewopozitif HIV+, yon elèv ki gen pitit, oswa ki gen maladi ki transmèt nan fè sèks. Ofisyèl lekòl la pa sipoze bay kòm kondisyon pou pitit ou a fè tès sa yo pou yo ka aksepte li lekòl la oswa nan pwogram lekòl la .
- E. DOE valorize patisipasyon paran. Direktè a oswa reprezantan I dwe fè toujou efò, nan mezi apwopriye, pou ede yon elèv ansent oswa elèv ki gen pitit pou fanmi li patisce nan planifikasyon ak chwa li yo. Lè elèv la eksprime enkyetid oswa lòt pwoblèm konsènan avi pou paran, Direktè a dwe pran desizyon pandan I ap mete an konsiderasyon sikonstans endividiyèl ak dwa elèv la.
- F. Okenn bagay nan dokiman sa a pa ta dwe anpeche estaf lekòl la pwopoze sèvis sipò medikal apwopriye ak rekòmandasyon pou oryante yo nan sèvis sipò sa yo. Tout estaf lekòl la k ap bay elèv ansent ak sa ki gen pitit konsèy dwe familyarize yo avèk lwa leta a ak lwa federal, ak regleman konsènan dwa elèv yo nan sèvis medikal pou yo ak pitit yo.

**VI. DEMAND RANSÈYMAN**

Yo ta dwe adrese demand enfòmasyon konsènan dwa elèv ansent ak sa ki gen pitit bay:

Kowòdonatè Tit IX

Office of Equal Opportunity

65 Court Street

Brooklyn, NY 11201

Telephone: 718-935-4987

[Title\\_IX\\_Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

Yo ta dwe adrese demand enfòmasyon konsènan pwoblèm konfidansyalite nan regleman sa yo bay:

Office of Legal Services

NYC Department of Education

52 Chambers Street – Room 308

New York, NY 10007

Telephone: 212-374-6888

[asklegal@schools.nyc.gov](mailto:asklegal@schools.nyc.gov)

Yo ta dwe adrese demand enfòmasyon konsènan gadri, sèvis konsèy ak sante bay:

Pwogram LYFE

NYC Department of Education

500 Eighth Avenue, Suite 709

New York, New York 10018

Telephone: 212-609-8520

[lyfe@schools.nyc.gov](mailto:lyfe@schools.nyc.gov)

Yo ta dwe adrese demand enfòmasyon konsènan oryantasyon elèv ansent ak sa ki gen pitit bay yon Sant Rekòmandasyon (Referral Center):

Bronx Referral Center

1010 Rev. James Polite Avenue, Room 436

Bronx, NY 10459

Telephone: 718-518-4530

Central Brooklyn Referral Center

Boys and Girls High School

1700 Fulton St. 3rd Floor, Room 383

Brooklyn, NY 11213

Telephone: 718-804-6750 estansyon 3831

Downtown Brooklyn Referral Center

69 Schermerhorn Street

Brooklyn, NY 11201

Telephone: 718-935-9457

Midtown Manhattan Referral Center

269 West 35th Street, 11th Floor

New York, NY 10018

Telephone: 212-244-1274

Queens Referral Center

162-02 Hillside Avenue

Queens, NY 11432

Telephone: 718-739-2100

Staten Island Referral Center

450 St. Marks Place

Staten Island, NY 10301

Telephone: 718-273-3225